dialajar nabeuh, ari ku urang kalahka dila'ipkeun. Komo, pan salira mah AKTIFIS organisasi KA-SUNDAAN.

Punten....!!!***

Wassalam,
Eka Gandara Wk.
Bandung

Baju Anyar, Jalan Anyar

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Nyi Manglé, ti payun neda hapunten ngiring ngintun serat ka méja rédaksi.

Sapertos nu biasa-biasa, upami badé mayunan lebaran, ti anggal kénéh sok ngadadak seueur proyék jalan. Mémang dina mangsana puasa deukeut ka lebaran mah, apan sarana jalan téh kudu dipupujuhkeun pisan. Lantaran, di antara datangna musibat kacilakaan di jalan, lolobana mah, alatan jalan nu ruksak. Komo ayeuna masih asup kana usum ngijih, atuh loba jalan nu ruksak atawa nu geus ngalegok atawa ngabalong. Ieu bahaya pisan.

Tah, dina usum kitu, nu gaduh proyék dipiharep kudu gancang ngoméan éta jalan. Hartina, taun-taun engké mah, ulah ngadadak dina usum puasa, kakara jalan dibener-benerkeun. Lantaran, upama ngadadak mah, sahenteuna aya dua karugian. Kahiji, bakal rugi alatan bakal rurusuhan ngudag ka waktu lebaran. Nu kadua, meureunan nu digarawéna ogé harayang milu puasa. Sedengkeun éta pagawean, apan kacida beuratna, butuh tanaga nu lain édél-édél, ngérépkeun tanaga nu ahirna puasana ogé mungkin rada kabolér. Hartina, upama disedekkeun kudu dipigawé dina usum puasa, nu boga proyék sarua jeung ngantep sangkan ulah puasa. Upama kitu kajadianana, apan dosa nu aya.

Margi kitu, sakali deui, mudah-mudahan sing janten perhatosan ka nu gaduh proyék, sangkan janten perhatosan. Margi, angger dianggap proyek rusuh nu deukeut jeung saukur neangan kauntungan. Margi kitu, hadena mah kudu ti anggalna keneh.

Sakitu waé ieu surat. Mudah-mudahan aya mangpaatna.

Wassalam,
Andin Rohadi
Darmaraja Sumedang

LAYANAN INFORMASI
BERLANGGANAN
MAJALAH MANGLÉ

081234560832
Dicky M. Rafiudin

Dr. Saim Aksinuddin, SH,. MH

Budak Angon Ngajak Ludeung Néangan Kaadilan

Warta-warta pacéngkadan sual lahan, remen kacatur. Kituna téh, lain ukur semet asup ka pangadilan, da teu jarang nu balukarna silih kakalakeun, malah nepi ka aya nu nemahan pati. Naon atuh lantaranana? Patalékan kitu, bisa rupa-rupa jawaban. Ngan, ceuk tilikan Dr. Saim mah, balukar héngkérna aturan hukum ngeunaan lahan téa.

Pasualan lahan, mémang rupa-rupa. Lahan milik pribadi gé loba nu teu puguh susuratanana, aya nu dobel suratna, jeung sajabana. Kitu téh, deuih balukar pihak-pihak nu ngurus susuratan tanah teu tukuh kana aturan. "Pangpangna mah deuih aya pihak-pihak nu ngamangpaatkeun kalemahan sistim hukum dipaké keur kauntungan pribadi,"pokna.

Héngkérna susuratan ogé lantaran lolobana urang Jawa Barat mah boga lahan téh tuturunan. Tanah nu dipimilikna, paméré ti kolotna, nu asalna ti akina, ti uyutna, teras ka luhur. Tah,tuturunan kawas kitu téh, sakapeung mah teu dibarengan ku susuratanana.

Dina waktuna beuki loba nu butuh ku lahan, jual-meuli tanah gé mingkin remen. Lumangsungna transaksi gé sakapeung-sakapeung teu lungsur-langsar lantaran susuratanana teu jinek. Balukarna, remen deuih kajadian tanah nu sarua, surat tanahna mah leuwih ti hiji, sartifikat ganda atawa dobél téa, misalna.

Kaadilan remen bangga kahontalna. Kituna téh saperti dina urusan tanah. Geura wé, lahan nu geus disartifikatan bisa éléh ku nu boga ségel. Naon sababna? Urang ngobrol wé jeung Dr. Saim Aksinuddin, SH. MH., Doktor Ilmu Hukum nu dumuk di Bandung.

Nyegah Pacengkadan

Surat tanah téh tanda bukti mibogana. Atuh, kacida pentingna ngabogaan susuratan tanah téh. Ngan, nya kitu, teu unggal nu boga lahan sadar kana pentingna susuratan tanah. Pasualan séjén, nu rék nyieun sartifikat ogé, teu gampang. "Padahal mah, kawajiban pamaréntah ngajaga hak-hak masarakat kaasup nyieun susuratan tanah," ceuk ieu Ketua Biro Hukum Paguyuban Pasundan téh.

Urang Sunda jeung lahanna raket naker. Apan, kekecapanana gé, lembur téh bali geusan ngajadi, banjar karang pamidangan. Luluhur urang Sunda hirup jeung huripna ngandelkeun lahan, ngolah sawah jeung kebon. Pangupa jiwa kawas kitu, ngajadikeun raketna urang Sunda jeung lahanna. "Tah, kedahna mah kanyataan kitu téh nimbulkeun sikep positif, nguatan kasadaran pentingna susuratan tanah" pokna.

Dina danget ieu, boga sartifikat ge, teu jadi jaminan tanahna bener-bener aman tina pangakuan batur. Remen kajadian, tanah nu geus disartifikatan bisa éléh ku pihak séjén najan ukur boga ségel.

Mingkin dieu, nu barutuh ku tanah beuki loba, ari taneuh angger teu ngalegaan. Lebah dinya mah keuna kana hukum da-